

Connecticut Catholic Conference

Representing the Archdiocese of Hartford, Diocese of Bridgeport,
Diocese of Norwich and Ukrainian Catholic Diocese of Stamford

1 me, 2008

Deklarasyon Evèk Katolik Connecticut yo “Fo-n Gade Imigran yo ak Je Lafwa-a”

Evèk katolik nan eta Connecticut yo wè lwa-a sou immigration ki la kounyeya pa bon. Se poutèt sa Evèk Katolik Connecticut yo santi yo oblije di yon mo nan pwoblem sa-a; pa nenpòt ki mo, men yo mo lafwa sou gwo pwoblem sa-a. Refòm imigrasyon an ak deba sa-a kontinye nan peyi nou ak nan leta nou an. Nou-menm, evèk peyi-a nou vle pran yon pozisyon lafwa nan sitiyasyon sa. Imigrasyon se yon kokenn chenn gwo pwoblem. Tout moun ki gen bon volonte kab pa dako sou sa peyi-a dwe fè. Nou-menm evèk Katolik, nou etidye pwoblem sa-a ak je lafwa, e ak respè pou tout moun. Nou vle gade imigran yo ak je Kris la. Lè fini ak je lafwa, nou vle konpran pi byen sa nou dwe fè, ni kòm Katolik, ni kòm sitwayen, pou nou regle pwoblem sa-a. Nou rekonèt ni valè, ni diyite chak moun.

Depi nan kòmansman ak pou jis jodiya, Legliz la te toujou resevwa etranje. Lè Jezi te di pou nou renmen pwochen nou, yon advoka te mande-l kilès ki pwochen nou. Oliye Jezi ba-l yon gwo espikasyon sou kilès ki pwochen-l ak kilès ki pa pwochen-l, Jezi ba-l istwa Bon Samariten an (Lik 10:25). Jezi di pwochen nou se nenpòt moun ki bezwen nou.

Pou-n gade imigran yo ak je lafwa, premye bagay pou-n fè sè pou nou byen konprann sa Jezi te di: “*M te etranje nan peyi-a e nou te resevwa-m*” (Matie 25:35). Jezi te di, li-menm ak etranje se youn. E li di patizan li yo, lè yo gade etranje, se Jezi li-menm yo wè. Lè w fè byen pou imigran, ou pa fè-l sèlman ou paske ou gen bon kè, paske ou gen tolerans oubyen jistis sosyal, men ou fè-l paske ou kwè nan Kris la.

Nou mande tout Katolik, lè yo wè yon imigran, menm si li pa legal, pou yo pa gade-l ak je rayisans, ak je rasis ak vye lide ki pa sa. Pi fo imigran ki vin nan peyi nou, sitou sa ki pa legal, yo vini paske peti yo-a pòv anpil, paske gen vyolans, paske gem pèsekisyon oubyen paske gen siklonn ak bagay konsa. Se depi tout tan moun konn kite peyi yo pou yal viv nan lòt peyi. Se diyite nou kòm moun ki mande sa. Legliz la toujou anseye dwa sa-a. Dwa deplase konsa, se pa yon govènman ki ba nou li, men nou gen dwa sa-a paske se moun nou ye. Ozetazini, imigran kon inflianse sitiyasyon finansye, politik ak kiltirèl peyi-a. Fo nou pa janm bliye se imigran ki te pòv nan peyi-a e ki t-ap chèche yon lavi miyò ki te bati peyi sa-a.

Kite yon peyi ak yon kòminote li konnen byen se yon bagay ki pa fasil e ki gen gen anpil danje pou imigran. Se sak fè Pap Jan Pòl II di, pou yon moun oblije kite peyi-l al viv nan yon lòt peyi se yon bagay ki pa bon, men anpil fwa se yon bagay ki nesèsè pou li (Laborem Exercens: “Travay Moun”, para. 23, 1981). Fo nou pa janm bliye tout gwo pwoblem moun kapab jwenn lè li oblije kite peyi li; kòmès kriminel, mouri nan dezè-a oubyen lanmè-a, fè moun abi nan travay, kenbe timoun ilegalman, divize fanmi-a.

Nou-menm kretyen, nou pa janm gen dwa di nou siperyè pase imigran ki pa gen papye. Tout kretyen vivan gen diyite e nou pa gen dwa rele mou sa yo “etranje illegal”. Nou pa gen dwa gade moun sa yo kòm si se yon “bagay” pou fè lajan yo ye, oubyen pou travay, oubyen san nou pa konprann tout moun nan yon fanmi gen dwa viv ansanm, ak san nou pa konsidere bezwen sosyal, kiltirèl ak relijye yo. Respè pou imigran fèt pou kòmans nan nivo lokal la. Se toupatou pou nou respekte diyite imigran yo: nan fanmi, nan pawas ak nan kominote-a.


Govènman peyi-a gen dwa fè lwa ki di ki moun ki gen dwa antre nan peyi-a. Pou byen tout sitwayen, prezidan ak kongre-a gen dwa mete sekirite nan fwontyè peyi-a. Tou Katolik yo kab pa dako

sou sa govènman an dwe fè pou asire sekirite peyi-a, men lafwa dwe fè nou fè youn nan afè renmen, akèy, fanmi ansanm ak respekte diyite tout moun. Anpil pitit imigran fèt nan peyi-a; anpil nan yo se sitwayen ameriken yo ye. Timoun sa yo pa fèt pou yo separe ak paran yo; anpil nan paran sa yo nan prison oubyen govènman pral deporte yo pou asire sekirite peyi-a. Gen yon bagay tout sitwayen kab fè e yo dwe fè. Se mande govènman an pou li gen yon kè sansib nan tout bagay sa yo. Si peyi-a fè sa, pap gen soufri e yap ajì ak tout kreyen vivan tankou moun.


Men sa politik govènman dwe fè: 1) Mete sekrite nan fwontiyè peyi-a pou moun ki pa legal pa kab antre; 2) fè yon jan pou moun ki vle antre nan peyi-a yon fason lagal kab antre san leta pa bay yo pwoblem epi 3) fè yon jan pou moun ki deja nan peyi-a kab travay nan peyi-a e ki pa gen papyè kab regle jwenn papyè. Move lwa sosyal, ekonomik ak politik lakoz anpil imigran gen pwoblem. Se pou govènman an chanje lwa sa yo. Si yo reisi regle tout bagay sa yo ki fè imigran yo gen pwoblem, pap gen anpil imigran ilegal ankò. Li nesèsè pou tou sa gouvènman an fè, kit se nan kongre, kit se nan aktivite polis, li nesèsè pou travay sa-a respekte diyite tout imigran ilegal yo, kit se fi, kite se gason oubyen kit se timoun. Se pa otorite leta ou otorite lokal ki pou fè moun suiv lwa sa yo, men se otorite federal yo ki pou fè travay sa-a. Travay otorite leta yo ak otorite lokal yo se mete lòd pou leta ak nan tout vil yo. Imigran ki pa legal ap fèt pou yo pè otorite yo si yo wè yon krim, si gen abi nan yon fanmi, oubyen si yo wè nenpòt lòt krim. Li nesèsè pou otorite yo fè yon jan pou imigran yo pa fòmè yon kominote apa nan gran kominote ameriken nan paske yo pè otorite yo e paske yo pè ede otorite yo fè travay yo a. Si imigran yo fè sa, sa pral gen plis krininèl toujou. Li nesèsè pou tout otorite yo fè sa ki nesèsè fè travayè yo abi paske yo pa legal.

Gwo tèt chanje govènman an genyen se mete sekirite nan fwontiyè peyi-a pou moun ki vle fè nou mal pa kab antre an peyi-a. Pi fo imigran ki pa legal yo se bon moun yo ye. Sèl sa yo vle se yon lavi miyo pou yo-menm ak pou fanmi yo. Moun sa yo pa mete peyi-a an danje nan afe sekirite. Imigran sa yo se moun ki suiv tout lwa peyi-a, lè fini yo ede peyi-a fè pwogre. Kilti yo-a fè peyi nou an vin pi bèl. Sa ameriken yo bay valè, se sa yo-menm yo bay valè tou: fanmi lafwa, edikasyon, mete kòmès sou pye. Gen bagay ki pa dako ditou ak lafwa ak konpasyon nou-menm Katolik nou fèt pou genyen: se lè yo pa respekte dwa imigran yo, lè yo arete moun kap chèche travay pou yo kap viv, lè yo pa kite yon moun lwe yon kay, lè yo refize ede yo jwenn sa yo bezwen pou chofay kay yo.


Premye travay nou, nou-menm evèk nan eta Connecticut yo gen pou fè, se ede pèp nou mache nan tras Jezi-a. Nou-menm Katolik, nou pa fèt rayi etranje, pou nou de diskriminasyon kont yo. Nan non Jezi-Kri, nou fòk byenveni etranje-a ki vini nan lakay nou. Gason ak fi etranje se Jezi-menm yo ye. Denye pawòl nou se Sen Pòl tè di moun a Wòm yo: “*Se pou nou youn asepte lòt jan-l ye-a, menm jan Kris la te asepte nou an pou sa te tounnen yon lwanj pou Bondye*” (Wòm 15:7).



Monseyè Henry J. Mansell
Archevèk Hartford




Monseyè William E. Lori
Evèk Bridgeport



Monseyè Michael R. Cote
Evèk Norwich



Monseyè Paul P. Chomnycky
Evèk Dyosèz Ikranyen Stamford



Monseyè Peter A. Rosazza
Evèk ogzilyè Hartford



Monseyè Christie A. Macaluso
Evèk ogzilyè Hartford